

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Nurutkeun Baried (1985, kc. 1) salah sahiji warisan budaya karuhun urang anu kudu dijaga jeung dimumulé minangka asét kabudayaan nasional téh nya éta naskah. Kiwari naskah geus teu pati dipikawanoh. Ieu hal bisa waé dibalukarkeun ku acan lobana karya sastra buhun anu digarap nepi ka jadi bahan bacaan anu bisa dipipaham ku balaréa. Naskah biasana ditulis dina wangun téks anu bahanna tina dangdaunan, awi, jeung keretas. Keretasna aya nu ditandaan ku cap keretas aya nu henteu, keretas anu dipakéna ogé béda jeung keretas jaman kiwari, baheula mah naskah téh ditulis dina keretas tina tangkal saéh (Ruhaliah, 2018, kc. 8).

Nurutkeun Koswara & Permana (2019, kc. 27) naskah atawa manuskrip mangrupa wacana anu ditulis leungeun anu biasana dibeundeul tapi lain hasil nyitak. Salian wangun buku, tulisan dina daun lontar ogé bisa disebut naskah. Sedengkeun Baried (dina Hayati, 2017, kc. 9) naskah téh mangrupa objék kajian filologi anu miboga tujuan pikeun mikawanoh naskah kalawan sampurna boh tina eusi boh tina ma'nana. Eusi naskah biasana ngeunaan kajadian dina mangsa bihari anu aya patalina kana mangsa kiwari, dina jero naskah ngawengku sababaraha aspék kahirupan saperti budaya, moral, agama, sosial, hukum, jeung sajabana. Naskah ditulisna ngagunakeun aksara Arab Pégon, aksara Sunda, jeung aksara cacarakan. Lantaran teu sakabéh jalma mampuh maca aksara Arab Pégon, aksara Sunda Kuna, aksara Latén jeung aksara Cacarakan, ku kituna diperlukeun ayana prosés transliterasi. Transliterasi téh mangrupa dasar gawé tina filologi.

Filologi mangrupa élmu anu patali jeung téks sastra atawa budaya. Filologi bisa dihartikeun mangrupa disiplin élmu anu garapanna museur kana bahan tinulis, miboga tujuan pikeun ngungkab ma'na tina segi budayana. Panalungtik widang élmu séjén biasa maké filologi keur mantuan kagiatan panalungtikanana (Ruhaliah, 2020, kc. 6). Attas (2017, kc. 5-6) nétélakeun yén kabudayaan bihari geus aya ti sababaraha abad katukang, dipikawanoh deui dina

rupaning wangun, di antarana dina prasasti, candi, naskah, jeung sajabana. Ayana

panalungtikan ngeunaan titinggal mangrupa naskah miboga kaonjoyan nya éta bisa méré kajembaran informasi anu leuwih loba tibatan titinggal bangunan saperti candi, kadaton, jeung pamandian suci. Loba informasi anu dicangking sabada alih aksara hiji naskah saperti ilmu hukum, sosial, budaya, agama, moral, jeung sababaraha aspék kahirupan séjénna. Ieu hal mangrupa salah sahiji kaonjoyan tina ulikan filologi.

Transliterasi mangrupa salah sahiji usaha pikeun nyalametkeun eusi tina hiji téks naskah sangkan ngarojong sumanget maca masarakat kana naskah heubeul. Ku cara transliterasi tina hiji naskah bisa kaguar jeung karasa loba mangpaatna salah sahijina nya éta dijadikeun bahan pieunteungeun jaman kiwari. Naskah jeung transliterasi silih patali, lantaran ku ngaliwatan prosés transliterasi anu maca bakal maham kana sagala rupa anu aya dina eusi éta naskah, salasahijina bakal kanyahoan aya ajén moral naon waé dina éta naskah (Rokhmansyah, 2018). Nurutkeun Baried (1985, kc. 65) transliterasi téh kudu satékah polah ngajaga ciri has téks asli naskah lantaran engkéna pikeun mantuan nu maca dina naspsirkeun téks jeung nyangkem eusi téksna.

Nurutkeun Rahman & Nurjanah (2021, kc. 29) prosés transliterasi penting pikeun ngawanohkeun téks heubeul anu ditulis maké aksara daérah saperti Arab Pégon. Ieu kagiatan dilakukeun lantaran loba pisan masarakat anu acan wanoh kana aksara Arab Pégon. Dina ngalaksanakeun transliterasi, kudu dumasar kana pedoman anu aya patalina jeung babagian kecap, éjahan, sarta tanda baca. Dina téks heubeul mah bisa ditulis tanpa merhatikeun tata tinulis. Ieu hal tangtu aya patalina jeung gaya carita anu ngaguluyur sacara alami. Prosés transliterasi ogé mangrupa hal anu kacida pentingna dina ngabahas jeung ngabedah eusi anu aya dina naskah. Transliterasi téh mangrupa tarékah pamindahan hiji téks tina basa awal ka basa sasaran (Rahman & Nurjanah, 2021, kc. 1-3).

Dina hiji naskah loba informasi anu bisa dijadikeun padoman kahirupan, salah sahijina dina ieu naskah “Pépéling Kangjeng Nabi” eusina ngeunaan kaagamaan. Ku kituna anu rék dibahas dina ieu panalungtikan téh nya éta ngeunaan patali eusi naskah jeung agama Islam.

Nurutkeun Daradjat (1999, kc. 60) agama Islam mangrupa agama

pamungkas anu miboga fungsi minangka rahmat jeung ni'mat sakabéh umat manusa. Ieu agama nyampurnakeun agama séjénna. Sakabéh éta ngawengku alam dunya jeung alam kalanggengan anu mana aya alam ahérat pikeun nganteur umat manusa kana kabagjaan jeung kasalametan lahir tur batinna. Inti dina ieu naskah, minangka umat manusa kudu Ta'at ka Allah SWT ogé ngajauhan larangan-Na. Manusa diciptakeun ku Allah pikeun ibadah ka Allah, manusa bakal balik deui ka nu nyiptakeunna. Ku kituna, umat manusa mun rék ngalakukeun hijil hal kudu ngalibetkeun Allah SWT sangkan salamet dunya ahératna. Ajén-ajén saperti budaya, agama, moral, jeung sajabana anu aya dina mangsa bihari penting pisan pikeun diulik lantaran aya patalina jeung mangsa kiwari. Éta ajén-inajén téh aya dina manuskrip atawa sebutan umumna mah naskah kuno (Nasrullah & Kosasih, 2012, kc. 2). Dina ieu panalungtikan matalikeun eusi naskah jeung salah sahiji tiori ngeunaan ajén-ajén kaagamaan anu diguar ku Rohidin (2020, kc. 84) anu sacara gurat badagna ngawengku aqidah, syari'ah, jeung ahlak saluyu kana ajaran agama Islam dumasar Al-Qur'an jeung As-Sunah.

Dina ieu pedaran baris ditalungtik ngeunaan naskah “Pépéling Kangjeng Nabi”, ditulis dina wangun wawacan. Nurutkeun Ruhaliah (2016, kc. 3) wawacan téh mangrupa téks naratif anu digurit, pupuh anu digunakeun dinawawacan biasana gunta-ganti diluyukeun jeung suasana caritana. Tulisan wawacan teu ngan ukur maké aksara Arab Pégon hungkul, aya ogé anu maké aksara Latén, jeung aksara Cacarakan.

Naskah “Pépéling Kangjeng Nabi” mangrupa naskah anu ditulis maké hurup Arab Pégon, basa nu dipakéna nya éta basa Sunda. Ku kituna, teu sakabéh jalma bisa maca jeung ngarti kana aksara ieu naskah. Sangkan ieu naskah leuwih gampang dibaca jeung eusina bisa dipikaharti, perlu ayana panalungtikan saperti transliterasi kana aksara Latén sangkan kaguar éta eusi naskah. Ieu naskah Pépéling Kangjeng Nabi diwangun ku rupaning pupuh, ngandung carita anu ngaguluyur.

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha mangpaat anu bisa dicangking pamaca. Di antarana dina widang basa mah bisa nambahan kabeungharan kandaga kecap, dina widang sastra bisa leuwih mikawanoh kana karya sastra buhun, ogé

pikeun widang atikan ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun bahan pangajaran maca carita buhun di sakola.

Panalungtikan dina wangun skripsi ngeunaan naskah Sunda buhun saméméhna, di antarana nya éta:

- 1) “Ajén kaagamaan dina Wawacan Syéh Abdul Kodir Jaélani” ku Ai Sadiah (2006).
- 2) “Ajén Kaagamaan dina Wawacan Samaun (Ulukan Filologi)” ku Yedi Sudrajat (2016).
- 3) “Transliterasi jeung Analisis Struktural Naskah Wawacan Gandamanah” ku Euis Ratna Suminar (2014).
- 4) “Transliterasi dan Nilai Keagamaan dalam Naskah Layang Carios Abduloh” ku Ilham Fauji (2021).
- 5) “Transliterasi jeung Ajén Kaagamaan dina Naskah Siti Jaojah (Ulukan Filologi jeung Struktural)” ku Sasti Ameliawati (2021).

Panalungtikan anu ngagunakeun objék panalungtikan naskah Sunda buhun tangtuna geus loba, boh nalungtik ajén-inajéna, boh nalungtik dina segi strukturturna. Panalungtikan naskah Sunda buhun lolobana ngagunakeun wangun wawacan. Ku kituna, ieu panalungtikan di judulan “Transliterasi jeung Ajén Kaagamaan dina Naskah Pépéling Kangjeng Nabi (Ulukan Filologi)”

## **1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Idéntifikasi Masalah**

Dumasar kana objék panalungtikan sangkan teu méngpar tina pembahasan, masalah panalungtikan téh diwatesanan nu ngawengku kana rupaning hal anu aya patalina jeung kajian naskah. Idéntifikasi masalah dina ieu panalungtikan di antarana:

- a. déskripsi naskah “Pépéling Kangjeng Nabi”,
- b. transliterasi téks naskah “Pépéling Kangjeng Nabi”,
- c. ajén kaagamaan dina naskah “Pépéling Kangjeng Nabi”.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan téh dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha déskripsi naskah wawacan “Pépéling Kangjeng Nabi”?
- b. Kumaha transliterasi naskah wawacan “Pépéling Kangjeng Nabi”?
- c. Naon waé ajén kaagamaan anu aya dina naskah wawacan “Pépéling Kangjeng Nabi”?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan téh nya éta pikeun mikaweruh eusi dina téks naskah Pépéling Kangjeng Nabi.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun:

- a. ngaidéntifikasi kaayaan pisik jeung raratan naskah,
- b. nyusun transliterasi,
- c. mikanyaho ajén kaagamaan dina naskah.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

### 1.4.1 Mangpaat Téoritis

Sacara téoritis, ieu panalungtikan bisa dijadikeun pikeun référénsi mekarkeun élmu pangaweruh minangka bahan atawa sumber acuan pikeun panalungtikan kahareupna.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Panalungtikan ieu miboga mangpaat praktis, nya éta:

- a. pikeun nu nalungtik, ngajembaran paélmaan anu keur ditalungtik, ayana pangalaman sarta ngeuyeuban dina ngainventarisasi naskah anu aya di hiji lembur,
- b. pikeun panalungtik ka hareupna, hasil tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi atawa sumber acuan dina panalungtikanana,
- c. pikeun filolog, bisa méré sumbangsih dina mantuan transliterasi naskah,
- d. pikeun balaréa, bisa mikanyaho eusi tina naskah “Pépéling Kangjeng Nabi”.

## 1.5 Raraga Nulis

Ieu raraga nulis miboga guna pikeun méré gambaran sacara gurat badag ngeunaan léngkah-léngkah panalungtikan. Ieu raraga nulis kabagi jadi sababaraha bab, saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, dina bubuka eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga nulisna.

Bab II Ulikan Tiori, panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir, eusina medar ngeunaan tiori-tiori anu jadi dadasar panalungtikan anu tangtuna aya patalina jeung naskah saperti medar ngeunaan filologi, transliterasi, wawacan, jeung ajén kaagamaan.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina medar ngeunaan méthode panalungtikan anu dipaké nya éta desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, prosedur panalungtikan, téhnik panalungtikan anu ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung analisis data, sarta instrumén panalungtikan.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina medar ngeunaan analisis transliterasi jeung pedaran, hasil panalungtikan anu dipatalikeun jeung tiori-tiori anu aya dina bab II.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékomendasi, eusina mangrupa kacindekan tina hasil panalungtikan, sarta ditambahan saran pikeun panalungtikan kahareupna.